

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Dumasar kana rumusan jeung watesan masalah, sarta tujuan panalungtikan jeung hasil analisis data ngeunaan campur kode basa Indonesia kana basa Sunda dina naskah biantara siswa Kelas X SMA Pasundan 8 Bandung, bisa dicindekkeun kieu :

1. Présentase Inténsitas campur kode basa Indonesia kana basa Sunda kawilang handap, nya éta 179 kecap atawa 306 kali tina 12.825 kecap. Najan inténsitasna kawilang handap, tapi éta hal nuduhkeun yén para siswa bisa nyingkahan makéna rarangkén jeung dasar kecap basa Indonesia kana basa Sunda anu murni dina wangun tinulis.
2. Dumasar kana wangunna, campur kode basa Indonesia kana basa Sunda kapanggih opat wangun nya eta 80 (44,7 %) kecap asal, 80 (44,7%) kecap rundayan, 11 (6,14%) kecap kantétan jeung 8 (2,5%) kecap rajékan.
3. Faktor anu mangaruhan ayana campur kode dina naskah biantara siswa, nya éta faktor kadwibasaan. Faktor séjénna ngawengku faktor tempat lumangsungna kagiatan siswa, faktor sangkan kaharti ku nu lianna, sarta faktor asal siswa éta.

5.2. Saran

Aya sababaraha saran nu perlu ditepikeun patali jeung ieu panalungtikan.

1. Siswa di SMA Pasundan 8 Bandung pang-pangna di kelas X.6 kudu nyadar yén dirina kaasup dwibasawan.
2. Pikeun nyingkahan ayana campur kode antara dua basa (basa Indonesia kana basa Sunda) unggal siswa kudu kukuh kana aturan makéna basa , iraha waktuna, di mna tempatna, jeung saha anu diajak nyaritana.

